# QARAQALPAQ XALQINIŃ BÚLBÚL HAWAZ QIZI GÚLISTAN TEMIRXANOVA

*Ózbekistan mamleketlik konservatoriyası Nókis filialı*
*"Muzıka kórkem óneri" fakulteti 2-kurs studenti*
***Tursınbaeva Umida***
*Ilimiy basshı:* ***Kamalova Gúlmaryam***

**Annatotsiya:** Bul maqala qaraqalpaq xalqınıń qız baqsısı Gúlistan Temirxanova ómiri hám dóretiwshiligi baqıshılıq ónerine qosqan úlesi haqqında maǵlıwmat berilgen.

**Gilt sózler:** Baqsı, nama, ustaz, shákirt, duwtar.

**Annotation:** This article provides information about the life and creative work of Gulistan Temirkhanova, a female bakhshi of the Karakalpak people, and her contribution to the art of bakhshi.

**Keywords:** Baxshi, nama, ustoz, shogird, dutor.

**Аннотация:** В данной статье представлена информация о жизни и творчестве Гулистон Темирхановой, девушки-бахши каракалпакского народа, и ее вкладе в искусство бахши.

**Ключевые слова:** бакши, нама, учитель, ученик, дутар.



Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatındaǵı baqsıshılıq hám jırawshılıq kórkem-ónerleri ázel-ázelden qádirlenip, xalıq arasında qásterli saqlanıp, atadan balaǵa áwızeki túrde bizge shekem jetip kelgen. Dáslepki baqsı, jıraw, qıssaxanlarımız dóretiwshiligi

birden jetip kelmedi. Olar usı tarawǵa ómirin baǵıshlap ullı tulǵalarımız Aqımbet baqsı, Muwsa, Húrliman baqsı, Qarajan baqsı, E.Qospolatov, Á.Tarıyxov, G.Tilewmuratov, T.Qurbanov, sıyaqlı kóplegen dóretiwshiler islegen miynetleri menen rawajlandı. Eń maqtanıshlısı ǵarezsizlik dáwirine kelip 1992-jılı Nókis mámleketlik Japaq Shamuratovatındaǵı kórkem óner uchilishesiniń direktorı M.Kamalovtıń baslaması menen shólkemlestirilgen baqsıshılıq bólimi ashılǵannan soń usıtarawdaǵı dóretiwshi insanlardıń sanı kóbeyip, búgingi kúnde 1000 nan aslam baqsı jırawlar mádeniyatımız gúllenip, shet el mámleketlerinde jas talantiyeleri tárepinen qaraqalpaq baqsıshılıq tarawı elede tanılıp kelmekte.

Usınday talant iyesiniń biri Temirxanova Gúlistan Maxmutovna 1991-jılı 17-martta Qaraqalpaqstan Respublikası Qanlikól rayonında tuwılǵan. 1998-jılı Qanlikól rayonı XBB ne qaraslı 3-sanlı orta mektepke 1-klassqa oqıwǵa baradı. Ol kishkeneliginen Alamoynaq duwtar saz ásbabin shertiwge qattı qızıǵadı. Bul qızıǵiwshılıqqa sebep bolǵan, oniń ákesi bolıp tabıladı. Gúlistanniń ákesi Maxmut Temirxanov  toylarda baqsıshılıq etip el xizmetinde júrgen. Qalaberse onin' tókpe shayırlıq qabileti de bar bolıp, sózge sheshen talantlı adam bolǵan.

Temirxanov Maxmud 1946-jılı 15-yanvarda Qońırat rayonında tuwılǵan millet qaraqalpaq uruwı aralbay. 7-klasınan baslap baqsıshılıqqa qızıǵıp toylarda baqsılardıń atqarǵan dástanların, qosıqların úlken qızıǵiwshılıq penen tińlaytuǵın bolǵan. Baqsıshılıq sırların úyreniw ushın óz awılında  shákirtlikke túsiwge ustaz taba almaǵan. Úyiniń tungısh perzenti bolǵanlıqtan úydegi mal-hal, atız jumiısları sıyaqlı juwapkershilikli jumıslar moynında bolǵan soń, ákesi de perzentiniń bul pikirine qarsılıq qılǵan. Usı sebepler menen baqsı ustaz izlep te óz elinen uzaqlawǵa kete almaǵan. Qalay bolmasın baqsıshılıq jolların úreniwdi niyet etken Maxmut Temirxanov awılındaǵı Saqtash degen insannan qazaqsha dombıra ásbabın shertiw sırların úyreniwdi baslaydı.

Anası Orinbiyke apa ózi qazaq milletinen  bolǵanlıqtan qazaqsha kúylerdi hám termelerdi berilip tıńlaytuǵın bolǵan.  Perzentiniń bul ónerinen anası qattı

quwanadi hám qollap quwatlaydı. Úlkeygennen soń awılına kelgen baqsılar dástanlar qosıqlar atqarıp atırǵanda olardiń atqarıp atirǵan namaların úyrenip alıwǵa qattı háreket etedi. Toylarda tań atqansha baqsılar dástan atqarsa, Qur tarqaǵansha bul da otırıp tińlaytuǵın bolǵan. Kórip, tıńlap eslep qalıw qabıletı jaqsı bolǵanlıqtan kóp namalardı awılına kelgen baqsılardan úyrenip qalatuǵın bolǵan. 10-klastı pitkergennen soń 1966-1969- jıllar aralıǵında SSSR joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi Shomanay rayoninda jaylasqan selxoz texnikumında oqıp bilim alǵan. Oqıw dáwirinde birneshe márte jarıslarǵa tańlawlarǵa qatnasıp sıylı orınlardı iyeleydi. Atap aytqanda Túrkmenistan respublikasında bolıp ótken “Ashıq aydın-94” atlı xalıqara aydım-saz festivalına qatnasıp sıylı orınlardı iyelegen. Úlgili qulqı hám oqiwdaǵı jetiskenlikleri ushın texnikum Pedagogları keńesi tárepinen birqansha ret maqtaw jarlıqları menen sıylıqlanǵan.

Oqıwdı pitkerip kelgennen soń 1972-1997 jıllar aralıǵında 25 jıl dawamında úzliksiz Altınkól salıgershilik savxozında mexanik lawaziminda islegen. Óz iskerligi dawamında kolxozdaǵı traktorlar hám somolyotlardı ońlaǵan hám óz isiniń ustası bolǵan kerekli jumısshı bolǵan. Kolxozda mexanik bolip islewi menen birge baqsıshılıq óneri menen toy merekelerde xalıq xizmetinde de bolǵan. Ónerli adamniń hámme jerde óz ornı, óz abırayı boladı. Sonıń ushın óner iyelewge, óz ústińizde islewge heshqashan jaliqpań dep perzentlerine hám shákirtlerine hámiyshe uqtirǵan. Ol húrmetli dem alısqa shıqqannan beri óziniń baqsıshiliq ónerin, bul ónerge ıqlaslı awıl jaslarına jalıqpastan úyretip kelmekte. Olardan ayrıqshaların aytqanda qızı Temirxanova Gulistan hám shákirti Óteshova Gulayimler bul ónerdi kásip etip, bul taraw boyınsha orta ha’m joqarı oqıw orınlarında qániyge ustazlardan bilim alıp, birqansha jetiskenliklerge erisip, ózleri de ustazlıqtı baslap jibergen.

Anasi Sabirova Rawshan 1949-jili 20-dekabrde Kegeyli rayonında tuwılǵan millet qaraqalpaq uruwı xoja. Ol muzıka tarawında tálim almasa da, xosh hawazı lapızı menen kópshiliktiń háwesin keltiretuǵınday talantlı insan bolǵan. Ol xosh hawaz bolıwı menen birge ónerli qolları menen quraq qurawdı, urshıqta jip iyiriwdi,

qamıstan shiydek toqiwdi, jekennen shıpta toqıwdı ul qızları, kelinleri hám de bul ónerlerdi úyrenemen degen shákirtlerine jalıqpastan úyretip kiyatır. Xosh hawazı hám qol ónerleri menen, rayon kóleminda ótkerilip kiyatirǵan birqansha tańlawlar hám bayramlarda qatnasıp jaqsı nátiyjelerge erisip kelgen. Bul ónerleri menen birge 1969-jıldan baslap húrmetli dem alısqa shıǵaman degenshe Altınkól kolxozında Salıgershilikte kórnekli miynet islegen bolıp tabıladı. Ol óz iskerligi dawamında hayal bolıwına qaramastan kolxozda traktor aydap jiynalǵan salilardi punktke tasıp ta óz belsendiligin kórsetken.

2007-jılı mekteptiń 9-klassın ayrıqsha bahalar menen tamamlaǵan Gulistan usı jılı Japaq Shamuratov atındaǵı Nókis mádeniyat hám kórkem óner kollejiniń "Milliy muzıka" bólimine oqıwǵa kiredi. Ákesiniń orınlanbay qalǵan armanın iske asırıwǵa kiriskensoń ol baqsıshılıq klasında Oralbay Otambetovtan sabaq ala baslaydı. Oqıw dáwirinde umtılıwshańlıǵı, talantı hám kirisiwsheńligi menen teńlesleri arasında ayrılıp turǵan. Respublika kóleminde ótkerilgen bayramlarda hám kórik tańlawlarda belsene qatnasıp barǵan.

2009-jılı Xalıq aralıq Otajon Xudoyshukurov jamǵarması "Nafosat-bostonim manim" VI Respublikalıq festivalında diplom menen sıylıqlanadı.

2010-jılı "Barkamal awlad" jılına baǵıshlanıp Ǵarezsizliktiń 19 jıllıq bayramı aldınan "Dástan atqarıwshı baqsılar" dıń respublikalıq tańlawında joqarı dárejedegi atqarıwshılıq sheberligi ushın 3- orındı iyelewi oniń ele de óz tańlaǵan kásibin súyip húrmetlewine ele de juwapkershilikti seziniwine sebepshi boladı. Sebebi bul tańlawǵa Respublikanıń barlıq jası úlken hám jas baqsıları qatnasqan edi. Kóplegen kózge kóringen baqsılar ishinen kishkene bola tura bunday nátiyjege eriskeni Gúlistandı ele de óz ústinde islewge umtıldırǵan.

2010-jılı Nókis mádeniyat hám kórkem óner kollejin ayrıqsha bahalar menen tamamlaǵan Gulistan usı jılı Nókis mamleketlik pedagogikalıq institutı pedagogika fakulteti "Muzıkalıq tálim" qániygeligine grand tiykarında oqıwǵa kiredi. Institutta oqıp júrgen dáwirinde de óz talantı hám bilimi menen kózge túsken ol, tek ǵana

oqıwlarına jaqsı úlgerip qoymastan, institut kóleminde, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikaları kóleminde ótkerilgen bayramlarda óz talantı menen ónerin kórsetiwge miyassar boldı. 4 jıl dawamında hár jılı oqiwǵa hám jámiyetlik jumıslarǵa belsene qatnasqanlıǵı institut tárepinen húrmet jarlıǵı menen sıylıqlanǵan. 2012-jıl juwmaǵı boyınsha Ajiniyaz atındaǵı NMPI tárepinen “Eń xosh hawaz qosıqshı” nominatsiyasın jeńip alǵan. Oqıw dárgayında shólkemlestirilgen “Tumaris” qosıq ha’m ayaq oyın ansambliniń aǵzası boldı. Ol jerde baletmeyster Amir Reypnazarov oǵan ustazlıq etti.

2011-jılı Samarqand qalasında ótkeriliwi dástúrge aylanǵan “Sharq Taronaları” Xalıq aralıq festivaliniń ashılıw máresimine “Tumaris” xalıq ansambli menen birge qatnasıp qayttı. Bul ilajǵa qatnasar eken, ol ishinen endigide ashılıw máresimine emes, álbette tańlawına qatnasaman hám sırt mámleketlerden kelgen talantlar menen bellesemen dep niyet etken. Niyetiń joldasıń bolsın degenindey 6 jıldan keyin yaǵnıy 2017- jılı avgust ayında Sharq Taronaları kórik tańlawına qatnasıp 80 nen aslam mámleketten kelgen talabanlar arasında talantı joqarı bahalanıp Ózbekstan Respublikası Madeniyat Ministrliginiń diplom hám bahalı sawǵaları menen sıylıqlanǵan.

2016-jılı 3-dekabrde jıraw Salamat Ayapov penen birgelikte Tashkent qalasında “Jayxun tolǵawları” dep atalǵan Qaraqalpaq jırawshılıq hám baqsıshılıq keshesin ıqlasbentler názerine usındı. 2016-jılı 5-19-dekabr aralıǵında Ózbekstanniń “OXUS Culture” hám Estoniyanıń MTÚ MUUILMAMUSIKA shólkemleriniń birge islesiwinde shólkemlestirilgen dóretiwshilik saparda Estoniyanıń Kaina, Kuressaare, Párnu, Otepáá, Vóru, Tapa, Tallinn, Vıljandı, Antsla, Tartu sıyaqlı on qalasında Qaraqalpaq jırawshılıq hám baqsıshılıq ónerin kórsetip, Estoniya xalqınıń ıqlasına hám algısına bólendi.

2015-jıldan baslap Xójeli rayonı 5- sanlı Balalar muzıka hám kórkem óner mektebinde Baqsıshılıq jónelisi muǵallimi bolıp jumıs islep atır. Gúlistan Temirxanovanıń shakirtleri de ózi sıyaqlı kóplegen tabıslarǵa erisip, birqansha kórik

tańlaw hám festivallarda joqarı nátiyjelerge erisip, birqanshası Joqarı oqıw orınlarında oqıp tálim alıp ustazını menen birgelikte jumıs islep atır.

Atap aytatuǵın bolsaq Reymbaeva Venera Xójeli rayonlıq 33-sanlı mekteptiń muzıka páni oqıtıwshısı, Qaypnazarova Feruza Xójeli rayonlıq 40-sanlı mekteptiń muzıka páni oqıtıwshısı. Bakiev Sardarbek penen Duysenbaev Meyrlan NMPI da Pedagogika fakulteti "Muzıkalıq tálim" jónelisinde oqıp atır. Bayrambekova Sarbinaz Madeniyat hám kórkem óner instituti Qosıq hám ayaq oyın bóliminde Alavatdinova Gulmira Qaraqalpaq mamleketlik universitetinde Jaqsimuratova Biybinaz, Ismayilova Gulxadicha, Tlepbaev Azamat, Qaypnazarov Begzat Qániygelestirilgen kórkem óner mektebinde bilim alıwdı dawam etip atır. Sonıń menen bir qatarda ózi menen birge oqıtıwshı bolıp ustazınnan elede nama sırların úyrenip kiyatırǵan shákirleride bar olar Tursınbaeva Umida, Tórebaeva Zamira, Alavatdinova Gúlmiyra.

Gúlistan Temirxanova 2024-jılı Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogoikalıq institutınıń magistratura basqıshında oqıwın dawam etip atır.

2013-jılı shańaraq qurǵan. Ómirlik joldası Reymbaev Sultan 1989-jılı xójeli rayonında tuwılǵan. Joqarı maǵlıwmatlı xójeli rayonı 41-sanlı orta mektepte dene tárbiya muǵállimi . Perzentleri Qızı Mavlenova Maftuna 2014-jılı xojeli rayonında tuwılǵan, 41-sanlı orta mekteptiń 3-klass oqıwshısı ekinshi perzenti Mavlenov Sunnatullo 2018-jılı xójeli rayonında tuwılǵan, úshinshi perzenti Mavlenov Muhammad 2023 jılı xojeli rayonında dúnyaǵa kelgen.

Biz shákirtleri menen sawbetlesip piker soraǵanımızda "biz usınday ustazdan bilim alǵanımızdan júdá quwanıshlımız sebebi ol tek ǵana bizge baqsıshılıq ónerin úyretip qoymastan ádep ikramlılıqtıda, mádeniyattıda sonıń menen birge ómir dep atalatuǵın úlken báyginiń tártibinde úyretti". Gúlistan Temirxanovaǵa oqıw hám jumıslarında tasqın tabıs tileymiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. G.Kamalova U.Tursınbaeva "Qaraqalpaq milliy muzıka atqarıwshıları" (biografiyalıq ocherk)

2. G.Kamalova "Qaraqalpaq muzıka tariyxı" Nókis

3.D.Allanazarov "Qaraqalpaq sazları" Nókis

4. A.Erejepov "Qaraqalpaq milliy saz ásbapları"

5. G.Kamalova G.Orazalieva "Duwtar zawqı" Nókis-2023

6. G.Kamalova A.Muratbaeva "Qaraqalapaq xalıq maqtanıshı" Nókis-2023